# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–20 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिन्नहीं गोरखपुर के हावर्ट बांध पर बनि रहल फोरलेन सड़कि के निरमाण कार क स्थलीय निरीक्षण कइलें अउर कार्यदायी संस्था के अधिकारियन के निरमाण कार युद्ध स्तर पर कइले क निरदेस दिहलें। येह दौरान निरीक्षण स्थल पर मौजूद लोगिन के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि हावर्ट बांध पर फोरलेन बनि गइले से सहर के बाढ़ि से बचाव के सथहीं यातायात क बड़हन समेस्या क समाधान होई। उहां के कहलीं कि पहिले येह इलाका के लोगिन के अइले–गइले में परसानी होत रहे बाकिर नया व्यवस्था से डेरे सहूलियत मिली।

***व्यवस्था बनाई जा रही है कि टर्स्पोर्ट नगर से लेकर के डोमिनगढ़ तक एक फोरलेन सड़क होगी फिर डोमिनगढ़ में एक रेलवे ओवरब्रिज का निर्माण हो रहा है और फिर वहां से हावर्ट बंधा के बाद माधोपुर तटबंध को भी फोरलेन के साथ जोड़ते हुए महेसरा को जोड़ने कि कार्यवायी होगी तो महेसरा तक से पुरे उसको बाहर बाहर से फोरलेन की एक बेहतरी कनेक्टिविटी गोरखपुर को मिल जायेगी।***

मुख्यमंत्री बतवलें कि येह पूरा परियोजना पर करीब सात सौ करोड़ रूपिया खरचा होई। एहसे पहले आजु भिन्नहीं गोरखनाथ मंदिर में जनता दरसन क आयोजन में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ करीब तीनि सौ लोगिन से मुलाकाति कइ के उनकर समेस्या सुनलें। उहां के अधिकारियन के निरदेसित कइलीं कि हर पीड़ित के समेस्या क समाधान तत्परता से कइल जाए।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पछिला कुछु दिन में आन्हीं–बरखा अउर ओला गिरले से परभावित जिलन के अधिकारियन के पुरहर तत्परता से राहति कार चलवले क निरदेस दिहले हवें। उहां के कहलीं कि अधिकारी क्षेत्र क भ्रमण कइ के राहत कार पर नजरि रक्खें। आकासीय बिजुली, आन्हीं–तूफान, बरखा जइसन आपदा से जनहानि अउर पसुहानि भइले के हालति में जुरते परभावित लोगिन के राहत रासि दिहले के सथहीं घाही लोगिन क समुचित इलाज करावल जाए। मुख्यमंत्री सर्वे करा के आपदा से भइल फसिलि के नोकसान क आकलन करत आख्या सासन के जल्दी से जल्दी भेजलहू क निरदेस दिहलें।

**********

केंद्रीय रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आजु लखनऊ के अलीगंज में पदम् विभूषण से सम्मानित अउर सुलभ इंटरनेशनल संस्था क संस्थापक स्वर्गीय बिंदेश्वर पाठक के मुरती क अनावरण कइलें। येह मौका पर रक्षा मंत्री कहलें कि बिंदेश्वर पाठक कम लागति वाला सौचालय के बढ़ावा दे के भारत में स्वच्छता क स्थिति के बढ़ियां कइलें। उहां के कहलीं–

***पाठक जी के बारे में मै मानता हुं कि वो व्यक्ति नही थे बल्कि वो आन्दोलन थे और उनका दुरर्दशी एक सामाजिक उदेश्य था। सुलभ इंटरनेशनल की स्थापना कर न केवल लोगो को उन्होने स्वच्छता का अधिकार दिलाया बल्कि उनके लिए सम्मान जनक जीवन की राह खोली।***

येह मौका पर प्रदेस क उप मुख्यमंत्री बृजेश पाठको मौजूद रहलें।

**********

समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव आजु प्रयागराज में एगो प्रेस वार्ता के दौरान महाकुंभ के आयोजन के ले के सरकार पर प्रतिक्रिया देत कहलें कि सरकार महाकुंभ क आयोजन के बढ़ा–चढ़इ के पेस कइले हौ। उहां के कहलीं कि सरधालुअन बदे महाकुंभ में इंतिजाम कम परचार जियादे भइल।

**********

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए संयुक्त प्रवेस परीक्षा–जेईई मेन दुइ हजार पचीस के दुसरका सत्र क परिणाम अउर कट–ऑफ जारी कइले के सथहीं जेईई एडवांस्ड के ऑनलाइन रजिस्ट्रेसनों क जनकारी जारी कइ दिहले हौ। जेईई एडवांस्ड बदे ऑनलाइन रजिस्ट्रेसन तेइस अपरैल से सुरू हो जाई। आदेवन दुइ मई ले कइल जा सके ला।

**********

ईसाई धरम क संस्थापक प्रभु ईशा मसीह के पुनर्जीवन क परब ईस्टर आजु पूरा प्रदेस में परम्परागत, सरधा अउर उछाह से मनावल जा रहल हौ। ईस्टर पर गोरखपुर के सथहीं पूरबी उत्तर प्रदेस के सज्जो गिरिजाघरन में ईसाई धर्मावलम्बियन की ओरि से बिसेस प्रार्थना सभा क आयोजन कइल जा रहल हौ।

**********

प्रधानमंत्री सूर्य घर योजना के तहत प्रदेस सरकार माई दुइ हजार सत्ताइस ले कुलि आठ लाख सोलर रूफटॉप संयंत्रन के स्थापना क लक्ष्य तय कइले हौ। प्रदेस में अबले एक लाख से बेसी अइसन संयंत्र लगावल जा चुकल हौ।

**********

अंबेडकरनगर जिला में पांच दिवसीय सैंतालीसवां राष्ट्रीय पुरूष हैण्डबाल प्रतियोगिता क सुभारम्भ आजु विधान परिषद सदस्य हरिओम पाण्डेय कइलें। जिलाधिकारी अविनाश सिंह बतवलें कि प्रतियोगिता में देस भर से कुलि बत्तीस टीमि हिस्सा ले रहलि हइनि। चउबीस अपरैल ले चले वाली प्रतियोगिता के बाद चुनल जाये वाली राष्ट्रीय टीमि ओमान में होखे वाला अन्तर्राष्ट्रीय मैच में भारत क प्रतिनिधित्व करी।

**********